# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

सिख समुदाय के आस्था क प्रतीक चरण सुहावे गुरू चरण यात्रा क पवित्र जोड़ा साहिब क आजु लखनऊ के यहियागंज गुरूद्वारा में भव्य स्वागत भइल। ई यात्रा सिख समुदाय क दसवां गुरू श्री गुरू गोविंद सिंह जी अउर माता साहिब कौर के पवित्र जोड़ा साहिब से जुड़ल बा, जवन सिख आस्था क बहुते पवित्र प्रतीक मानल जाला। येह दौरान मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि गुरू महाराज क पाव चरण कहूं पड़े ला त ऊ जगहि रामराज्य के तरियन पवित्र हो जाला।

**हमारी परंपरा में यह मान्यता है कि जिथे जाए बहे मेरा सतगुरु, सो थान सुहावा राम राजे।ै अर्थात गुरु वाणी में अंकित है कि जहाँ भी गुरु महाराज के पावन चरण पड़ते हैं, वह स्थान राम राज्य की तरह पवित्र हो जाता है। और यह हम सभी का सौभाग्य है कि गुरु चरण यात्रा के दौरान हमें गुरु महाराज के पावन चरण पादुका और गुरु साहिबा के पावन चरण पादुका के दर्शन करने का सौभाग्य प्राप्त हो रहा है**

**********

उपमुख्यमंत्री बृजेश पाठक आजु बनारस के सर्किट हाउस में पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि चुनाव आयोग बारह राज्यन में एसआईआर के जरिया से मतदाता पुनरीक्षण क जवन कार सुरू कइले हवे ऊ बहुते बढ़ियां हौ। एहसे जवन लोगि गलत कागज के जरिया से मतदाता सूची में आपन नांव दरज करवा लिहले रहलें उनके बहरे कइल जाई। बिपक्षी पारटियन के येह बाति क दुख हवे कि जवने तरह से फेक मतदाता लोगिन क नांव जोड़वावे क कार कइल गइल रहे ऊ फेक मतदाता अब नाहीं रहि जइहें। एहसे पहिले उप मुख्यमंत्री स्वास्थ्य विभाग के अधिकारियन के साथे बइठकी कइलें अउर जिला में चलि रहल स्वास्थ्य योजनन के प्रगति क जनकारी लिहलें।

**********

लोकआस्था क चारि दिन ले चले वाला तिउहार 'छठ' आजु सुरूज भगवान के अरघा दिहले के सथहीं पूरा हो गइल। व्रती सरधालु अरघा दिहले के बाद लोगिन में परसादी बटलें अउर आपन बरत पूरा कइलें। सूर्योपासना के तिउहार के ले के पूरा प्रदेस में खास तौर पर पूरबी उत्तर प्रदेस में लोगिन में ढेरे उछाह रहल। आजु भिन्नहियें ढेरि संख्या में सरधालु नदियन, पोखरन आ छठ तिउहार बदे बनावल गइल अस्थाई पोखरन के किनारे उग्गत भगवान सुरूज के नमन कइलें। येह दौरान जगहि–जगहि छठ तिउहार से जुड़ल पारम्परिक लोक गीति गावल गइल। छठ महापर्व क रौनक पूर्वांचल में खास कइ के गोरखपुर, कुशीनगर, बनारस, अयोध्या, लखनऊ, जौनपुर, कानपुर, उन्नाव, चंदौली के सथहीं अउरियो जिलन में देखल गइल।

**********

छठ के तिउहार के मौका पर यात्रियन क बढ़त भीड़ि के धियान में रक्खत उत्तर रेलवे आजु लखनऊ मण्डल से नियमित ट्रेनन के अलावा कुलि छियालीस गो बिसेस ट्रेन चला रहल हौ। वरिष्ठ मंडल वाणिज्य प्रबन्धक कुलदीप तिवारी ई जनकारी देत बतवलें कि लखनऊ मण्डल के खास स्टेसनन–लखनऊ, बनारस, बाराबंकी, अयोध्या कैंट, सुलतानपुर, प्रतापगढ़, शाहगंज, रायबरेली अउरं उन्नाव से हो के ई ट्रेन चलावल जा रहल हौ। रेलवे प्रसासन की ओरि से ट्रेन क समय, राहि आ रूकले क जनकारी रेलवे क आधिकारिक वेबसाइट अउर स्टेसन क सूचना पटल पर उपलब्ध करावल जा रहल हौ।

**********

अजोध्या में श्रीराम जनमभूमि मंदिर परिसर में पचीस नवम्बर के होखे जा रहल भव्य ध्वजारोहण समारोह क तइयारी तेजी से चलि रहल बा। राम मंदिर भवन निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र आजु बइठकी से पहिले तइयारियन क पुरहर जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि पचीस नवम्बर के आम सरधालु रामलला क दरसन नाहीं कइ सकिहें। मंदिर के सिखर पर फहरावल जाये वाला झंडा न त खाली आस्था क प्रतीक होई, बलुक श्रीराम जनमभूमि निर्माण के पूर्णता क सनेसो देई।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के ओरि से कई गो क्षेत्र में जीएसटी दर में कटउती के सथहीं सुरू कइल गइल बचत उत्सव से देस भर क लोगिन के फायदा पहुंचि रहल हौ। एकर सुरूआति बाइस सितम्बर के भइल रहे। आजु हम जनकारी दे रहल हईं कि कइसे अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधार देस क अर्थव्यवस्था के मजबूती दे रहल बा।

**सरकार ने अगली पीढ़ी के वस्तु और सेवा कर सुधारों के तहत, विभिन्न क्षेत्रों में महत्वपूर्ण राहत प्रदान करके अर्थव्यवस्था को काफी बढ़ावा दिया है। अब नए कर ढांचे के तहत, दूध, मक्खन, घी, दही, पनीर, शिशु आहार, डेयरी व्हाइटनर और चॉकलेट सहित कृषि तथा अन्य खाद्य वस्तुओं पर बडी राहत दी गई है। इस पहल के तहत जीएसटी को 12 प्रतिशत से कम कर 5 प्रतिशत कर दिया गया है। प्रमुख उत्पादों पर इस कर राहत ने अधिकतम उत्पादन करने को प्रोत्साहित किया है, आजीविका का बढावा दिया है और अर्थव्यवस्था को भी मजबूत किया है। सकलेन अख्तर, की रिपोर्ट के साथ निखिल कुमार आकाशवाणी समाचार।**

**********

प्रदेस क कई गो इलाकन में काल्हि रतिये से रूकि–रूकि के हो रहल बरखा से तापमान में गिरावट दरज कइल गइल हौ। तेज बेयारि अउर बरखा के नाते लोगिन के दिनवों में ठंडी क अहसास भइल। मौसम विभाग आजु से ले के एकतीस अक्टूबर ले पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई गो जिला में गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे अउर पूरबी उत्तर प्रदेस में अगिला तीनि दिन खातिर बरखा भइले क येलो अलर्ट जारी कइले बा।

**********